दिन—गुरूवार दिनांक—14.11.2024

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि जमुई में जनजातीय गौरव दिवस समारोह आ धरती आबा जनजातीय ग्राम उत्कर्ष अभियान समारोह मे सम्मिलित हेताह। एहि आयोजनक संगहि भगवान बिरसा मुंडा के एक सय पचासम जयंती वर्ष समारोहक शुरूआत भऽ जायत। श्री मोदी भगवान बिरसा मुंडा के सम्मान मे एक स्मारक सिक्का आ डाक टिकट के अनावरण करताह। प्रधानमंत्री एहि अवसर पर अनुसूचित जनजाति के उत्थान आ ग्रामीण तथा दूर—दराज के क्षेत्र सभ मे आधारभूत संरचना मे सुधारक लेल छओ हजार छओ सय चालीस करोड़ टाका सँ बेसी राशि के कतेको विकास परियोजना सभक उद्घाटन आ शिलान्यास सेहो करताह। मुंगेरक प्रमंडलीय आयुक्त संजय कुमार सिंह जनौलनि जे प्रधानमंत्री एहि दरमियान एक जनसभा के सेहो सम्बोधित करताह।

---

बिहार सरकार राज्य कर्मी आ पेंशनभोगी सभ के महँगाइ आ राहत भत्ता मे तीन प्रतिशत के वृद्धि कयलक अछि। आब कर्मचारी लोकनि के पचास प्रतिशत के स्थान पर तीरपन प्रतिशत डीए भेटत। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे राज्य मंत्रिमंडलक भेल बैसक मे एहि आशय के प्रस्ताव के स्वीकृति देल गेल। सरकारक एहि निर्णय सँ लगभग दस लाख सरकारी कर्मचारी लोकनि के लाभ होयत। बढ़ल डीए के लाभ एक जुलाई दू हजार चौबीसक प्रभाव सँ लागू होयत। एकर अलावे राज्य मंत्रिमंडल पटना मेट्रो निर्माणक लेल एक सय पन्द्रह करोड़ टाका के राशि स्वीकृत कयलक अछि। संगहि मंत्रिमंडल ब्रिटेनिया कंपनी के दू सय छत्तीस करोड़ टाका के प्रोत्साहन राशि देबाक प्रस्ताव के सेहो स्वीकृति प्रदान कयलक। एक आन निर्णय मे राज्य मंत्रिमंडल विभिन्न विभाग सभ मे चारि सय छत्तीस नव पद के सृजन के स्वीकृति देलक अछि।

---

राजधानी पटना के शास्त्रीनगर थाना क्षेत्र अंतर्गत पटेलनगर स्थित आसरा गृह मे कथित रूप सँ विषाक्त भोजन खयबा सँ मरऽवलाक संख्या बढ़ि कऽ तीन भऽ गेल अछि। पटनाक जिलाधिकारी डॉक्टर चन्द्रशेखर सिंह जनौलनि जे जाँचक दरमियान प्रथम दृष्टया मे ई पाओल गेल अछि जे विषाक्त भोजन खयबा सँ, साफ–सफाई के कमी तथा लापरवाही के कारण ई मृत्यु भेल अछि। श्री सिंह जनौलनि जे भोजन आ पानिक नमूना के जाँचक लेल पठाओल गेल अछि।

———————————————————

राजगीर मे खेलल जा रहल महिला एशियाई हॉकी चैंपियन्स ट्रॉफी के एक लीग मैच मे मलेशिया रोमांचक मोकाबला मे कोरिया के दू–एक सँ पराजित कऽ देलक। एक आन मैच मे चीन जापान के दू–एक सँ हरा देलक अछि। एखन भारत आ थाईलैंड के मध्य मोकाबिला चलि रहल अछि।

———————————————————

राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आइ तिलका मांझी भागलपुर विश्वविद्यालय मे इंडोर स्टेडियम आ मारवाड़ी महाविद्यालय मे नवनिर्मित महिला प्रभागक उद्घाटन कयलनि। एहि अवसर पर श्री आर्लेकर छात्र–छात्रा लोकनि के खेल–कूद मे भाग लेबाक लेल प्रेरित कयलनि। ओ कहलनि जे विद्यार्थी लोकनि के कोनहुँ प्राकृतिक आपदा के समय प्रभावित लोकसभक मददि के लेल सदिखन तैयार रहबाक चाही।

———————————————————

निगरानी जाँच ब्यूरोक टीम हाजीपुर नगर थाना मे पदस्थापित दारोगा पुनम कुमारी के दस हजार टाका रिश्वत लैत रंगेहाथ गिरफ्तार कयलक अछि। गिरफ्तार दारोगा दुर्घटना के एक मामिला मे केस रिपोर्ट कोर्ट मे पठेबाक लेल शिकायतकर्ता सँ घूस लऽ रहल छलीह। एहि सँ पहिने सेहो गिरफ्तार दारोगा के रिश्वत मांगैत ऑडियो वायरल भेल छल। जकर बाद हुनका निलंबित कऽ देल गेल छल।

———————————————————

केन्द्रीय चयन पर्षद सिपाही भर्ती बिहार पुलिस मे सिपाही के एकैस हजार तीन सय एकानवे पद सभ पर नियुक्ति के लेल आयोजित लिखित परीक्षा के परिणाम जारी कऽ देलक अछि। एक लाख सात हजार उनासी अभ्यर्थी सफल घोषित कयल गेलाह अछि। परीक्षा मे लगभग बारह लाख अभ्यर्थी सम्मिलित भेल छलाह। परिणाम बोर्डक वेबसाइट पर उपलब्ध अछि।

———————————————————

आइ बाल दिवस अछि। बच्चा सभक शिक्षा, देखभाल आ अधिकारक विषय मे जागरूकता बढेबाक लेल हरेक वर्ष देशक पहिल प्रधानमंत्री जवाहर लाल नेहरूक जयंती पर चौदह नवंबर के बाल दिवसक आयोजन कयल जायत अछि। एहि अवसर पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी पंडित नेहरू के प्रति अपन श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि अछि। एम्हर, राजधानी पटना मे आयोजित मुख्य राजकीय समारोह मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सहित राज्य मंत्रिमंडलक कतेको सदस्य लोकनिक बेली रोड स्थित पंडिल नेहरू के प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ हुनका श्रद्धांजलि देलनि।

———————————————————

प्रदेश मे मौसम शुष्क बनल अछि। उत्तर–पश्चिमी हवा के गति कम भेला सँ उच्चतम आ न्यूनतम तापमान एखनहुँ सामान्य सँ ऊपर बनल अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटना के वैज्ञानिक जनौलनि जे सोलह नवंबर सँ हवा के गति बढ़लाक बाद ठंडा मे वृद्धि होयत।

———————————————————

मधुबनी जिला मे उत्पाद विभागक टीम पछिला तीन दिनक दरमियान चलाओल गेल विशेष अभियानक अंतर्गत पैंतीस गोटे के शराब तस्करी आ पीबाक आरोप मे गिरफ्तार कयलक अछि। उत्पाद अधीक्षक विजयकांत ठाकुर जनौलनि जे एहि दरमियान भारी मात्रा मे निर्मित–अर्धनिर्मित शराब बरामद कयल गेल।

———————————————————

समस्तीपुर जिला आइ अपन तिरेपनम स्थापना दिवस मना रहल अछि। एहि अवसर पर आयोजित मुख्य समारोहक उद्घाटन ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार कयलनि।

———————————————————

समाप्त